**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTIRLIGI**

**BERDAQ ATÍNDAĞÍ QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI**

**"TASTÍYÍQLAYMAN"**
**QMU rektorı**
**A.Reymov**

**2024-jıl "__" ________**

# DÓRETIWSHILIK (KÁSIPLIK) IMTIXANLAR BAĞDARLAMASÍ HÁM BAHALAW KRITERYASÍ

## 60320200 – MÁLIMLEME XÍZMETI HÁM JÁMIYETSHILIK PENEN BAYLANÍSLAR BAKALAVRIAT TÁLIM BAĞDARÍ USHÍN

**Nókis – 2024**

| | |
|---|---|
| **Dúzgenler:** | **J.Marziyaev – QMU jurnalistika kafedrası baslıǵı, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent** |
| | **H.Atajanov – QMU jurnalistika kafedrası docenti, filologiya ilimleriniń kandidatı** |
| | **Q.Qálekeev – Ózbekistan mámleketlik Kórkem óner institutı Nókis filialı, filologiya ilimleri kandidatı.** |
| ***Pikir bildiriwshiler:*** | **Q. Esebaev – Qaraqalpaqstan xabar agentliginiń bas redaktorı, Mehnat shuhrati ordeniniń iyesi.** |
| | **D.Bekbawliev – QMU Jurnalistika kafedrası docenti, tariyx ilimleriniń kandidatı** |

## Kirisiw

60320200 – Málimleme xızmeti hám jámiyetshilik penen baylanıslar tálim bağdarında dóretiwshilik imtixan ótkeriwden maqset, abiturientte usı tarawda talap etiletuğın dóretiwshilik uqıbı, erkin pikirlew sheberligi, dálillew hám juwmaq shığarıw sıyaqlı sıpatlarğa iye bolıwı hám de onıń dúnyaqarası hám pikirlew sheńberin anıqlawdan ibarat. Dóretiwshilik imtixanı waqıtında abiturientlerdiń tómendegi táreplerine itibar qaratıladı:

- Jurnalistikağa qızığıwı;
- Dóretiwshilik uqıbı;
- Kúnniń áhmiyetli xabarlarınıń jarıtılıwın bahalay alıwı;
- Pikirlew dárejesi;
- Jámiyetshilik penen baylanıslar tarawı boyınsha túsinigi;
- Usı tarawdı tańlaw sebepleri;
- Málimleme xızmeti hám PR tarawı qánigesi bolıwğa talapshańlığı;
- Taraw boyınsha tájiriybesi;
- Jazba hám awızeki sawatlılıq dárejesi;
- Social tarmaqlarda qay dárejede belsendiligi;
- Jazba hám awızeki baylanısqa talapshańlığı.

### Dóretiwshilik imtixannıń dúzilisi

Dóretiwshilik imtixan 2 basqıshta ótkeriledi.

**Birinshi basqısh** abiturientlerdiń málimleme xizmetleri hám PR tarawına qızığıw dárejesi, dóretiwshilik uqıbı hám dúnyaqarasın bahalaw boyınsha awızeki sáwbet bolıp, tómendegi tártipte ótkeriledi:

– abiturienttiń ğalaba xabar quralları hám de social tarmaqlarda járiyalanğan, efirge uzatılğan, baspada shığarılğan jurnalistik (publicistik) materialları, sociallıq áhmiyetke iye postlar komissiya ağzaları tárepinen úyrenilip shığıladı. Maqalalarda yamasa postlarda jarıtılğan temalardıń tariyxı yamasa aktuallığı tárepinen abiturient penen sáwbet ótkeriledi. Sáwbet dawamında maqala yamasa post jazılıwına sebep bolğan waqıya-hádiyse analiz etiledi hám de abiturienttiń dúnyaqarası, qızığıwshılıqları, kimler menen sáwbet ótkergenligi anıqlanadı;

– ğalaba xabar quralları hám de social tarmaqlardan sorawlar beriledi;

– Elimizde hám jer júzinde bolıp atırğan sońğı jańalıqlar, mámleketimizde ámelge asırılıp atırğan isler, reformalar boyınsha sorawlar beriw arqalı abiturienttiń siyasiy, ekonomikalıq, sociallıq, ruwxıy-ağartıwshılıq hám de basqa tarawlardağı ózgerislerden xabardarlıq dárejesi anıqlanadı;

– kórkem-ádebiy, publicistikalıq hám jurnalistik dóretiwshilik úlgileri, usı taraw wákilleri, jazıwshı-shayırlar, dóretiwshi insanlar dóretiwshiligi, sońğı dáwirlerde jaratılğan ádebiyatlar haqqında sorawlar beriw arqalı abiturienttiń kórkem-óner, ádebiyat, publicistika hám de jurnalistika tarawlarındağı bilimleri bahalanadı;

– sáwbet dawamında málimleme xızmeti hám pablik rileyshnz (jámiyetshilik penen baylanıslar) tarawına tiyisli sorawlar beriledi hám sol tárizde abiturienttiń bul tarawdan xabardarlıq dárejesi belgilenedi. Sonday-aq, abiturienttiń ózara baylanısqa kirisiwsheńligi, keleshek rejeleri, oratorlıq uqıbı, pikirdi obrazlı súwretlewi qusağan pazıyletleri anıqlanadı.

**Awızeki sáwbet dawamında sorawğa usınıs etiletuğın úlgidegi sorawlar:**

1. Málimleme xızmeti hám jámiyetshilik penen baylanıslar degende neni túsinesiz?
2. Ne ushın Málimleme xızmeti hám jámiyetshilik penen baylanıslar tarawına qızığasız?

3. Ǵalaba xabar qurallarında shıǵıp turasız ba? Dáslepki jumısıńız qanday?
4. Ózińizge eń unaǵan temańız qanday? Qanday temalardı kóterip ǴXQlarında yamasa social tarmaqlarda alıp shıǵıwdı qáleysiz?
5. ǴXQ degende neni túsinesiz?
6. “Feyk” ne, “Informaciya ásiri” haqqındaǵı túsinigińiz?
7. Aralboyında ámelge asırılıp atırılǵan islerden qanshelli xabardarsız?
8. Xalıq penen baylanıs ornatıwda málimleme xizmetleri hám baspasóz xatkerleriniń ornı haqqında qanday pikirdesiz?
9. Qaysı dóretiwshiniń (jurnalist yamasa bloger) jumısları sizge unaydı?
10. Qaraqalpaqstanda qanday tájiriybeli jurnalistlerdi bilesiz?
11. Ózbekstanda qaysı jurnalist yamasa blogerdiń jumısların unatasız?
12. Qaysı ǴXQ sizińshe belsendi?
13. “Sóz erkinligi” degende neni túsinesiz?
14. Media tur ne?
15. Jurnalistlerdi akkreditaciyalaw ne ushın kerek? Akkreditaciya ne?
16. Jámiyetshilik penen baylanıslar ne? PR-men kim?
17. Brifing ne?
18. Brifing menen baspasóz anjumanı parqı nede?
19. Baspasóz xatkeri kim?
20. Málimleme xızmeti menen baspasóz xızmetiniń parqı barma?
21. Siziń pikirińizshe, elimizde qaysı shólkemniń málimleme xızmeti belsendi?
22. Siziń pikirińizshe, jurnalist qanday jeke sıpatlarǵa iye bolıwı kerek?
23. Universitette oqıwdan nelerdi kútip atırsız?
24. Bloger menen jurnalisttiń parqı nede?
25. Social tarmaq tásirsheń be yamasa ǴXQ?
26. Jurnalist qanday qásiyetlerge iye bolıwı kerek?
27. Sizińshe, jurnalistikada waqıt norması ne menen ólshenedi? (Jurnalistikada waqıttıń áhmiyeti qanday?)
28. Mámleketlik hám xojalıq organları málimleme xızmetleri bildirilgen sın pikirge qanday múnásebette bolıwı kerek dep oylaysız?
29. Sın pikirge rásmiy múnásebet qanday bildiriliwi kerek?
30. Baspasóz anjumanında moderator qanday ról atqaradı?
31. Onlayn jurnalistikanıń áhmiyeti nede?
32. Jurnalistika kásip pe, talant pa yamasa dóretiwshilik pe? Juwabıńızdı bayanlap ótiń.
33. Jurtımızdaǵı shayır hám jazıwshılardan kimlerdi tanıysız? Olardıń dóretiwshiliginde neler itibarıńızdı tartadı, qay táreplerin unatasız?
34. Negativ xabar ne ushın tez tarqaladı?
35. Sarı baspasóz ne?
36. Jurnalist etikası degende nelerdi túsinesiz?
37. PRdiń kompaniyalar rawajlanıwındaǵı ornı nede dep oylaysız?
38. Brend degende nelerdi túsinesiz?
39. Eń súyip oqıytuǵın jazıwshı yáki shayırıńız?
40. Aqırǵı oqıǵan kitabıńız?
41. Sociallıq tarmaqlarǵa múnásebetińiz qanday? Olardan paydalanıwda bir künde qansha waqıt sarıplaysız hám qanday maqsetlerde? (qosımsha soraw)
42. PRdan basqa jáne qaysı taraw siz ushın qızıq? (qosımsha soraw)

43. Qandayda bir shólkemdi reklama qılatuǵın reklama-uran (slogan) oylap taba alasız ba?
44. Kopirayting degende neni túsinesiz?
45. SMM ne?
46. "Janr" degende neni túsinesiz?

**Ekinshi basqısh** dóretiwshilik jazba jumısı formasında tómendegi tártipte ámelge asırıladı:

– dóretiwshilik jazba jumısı temaları házirgi kúngi áhmiyetli sociallıq-siyasiy, ádebiy-tarixiy, ruwxıy-aǵartıwshılıq, etikalıq, watansúyiwshilik hám basqa aktual máselelerge baǵıshlanǵan hám de jurnalistik ózgesheliklerge baǵdarlanǵan hám abiturienttiń dóretiwshilik imkaniyatların ashıp beriwge qaratılǵan bolıwı názerde tutıladı hám pán boyınsha imtixan komissiya aǵzaları tárepinen dúziledi. Temalar joqarı bilimlendiriw mákemesi qabıllaw komissiyasınıń baslıǵı tárepinen tastıyıqlanadı hám de mórlengen arnawlı konvertte qatań esabat hújjetleri retinde saqlanadı;

– qabıllaw komissiyası baslıǵı yamasa onıń tapsırması menen baslıq orınbasarı dóretiwshilik jazba jumısı baslanbasınan 20 minut aldın pán boyınsha imtixan komissiyasınıń baslıǵına dóretiwshilik jazba jumısı temaları salınǵan konvertlerdi tapsıradı hám pán boyınsha komissiya aǵzaların imtixan tapsırıwshı toparlarǵa bólip shıǵadı;

– dóretiwshilik jazba jumısı ótkeriliwi ushın 3 astronomik saat waqıt belgilenedi;

– dóretiwshilik jazba jumısı betleri mórlengen 12 betli dápterge jazıladı, shınıǵıw ushın da betleri mórlengen qaǵazlar beriledi. Dóretiwshilik jazba jumısı jazılǵan dápter hám qaǵazlarda jazba jumısı avtorın bildiriwshi, shártli belgiler qoyılıwına jol qoyılmaydı;

– dóretiwshilik jazba jumısınıń kólemi 5 betten 10 betke shekem etip belgilenedi;

–dóretiwshilik jazba jumısı ushın belgilengen waqıt tamamlanǵannan soń, jazba jumısı shınıǵıw qaǵazları menen birgelikte jıynap alınadı hám juwaplı xatker yamasa onıń orınbasarına tapsırıladı;

– juwaplı xatker yamasa onıń orınbasarı jazba jumıslarǵa shifrlengen belgi qoyıp, pán boyınsha imtixan komissiyası baslıǵına tekseriw ushın tapsıradı;

– jazba jumısları tek ǵana joqarı oqıw orını imaratında hám pán boyınsha imtixan komissiyası aǵzaları tárepinen tekseriledi;

– tekserilgen dóretiwshilik jazba jumıslar qoyılǵan balları hám tekseriwshilerdiń qol tańbaları menen qabıllaw komissiyasınıń juwaplı xatkeri yamasa onıń orınbasarına tapsırıladı;

– juwaplı xatker yamasa onıń orınbasarı jazba jumıslardı deshifrovka etip, imtixan dizim qaǵazına abiturientlerdiń familiyaları hám alǵan balların kirgizedi;

– dóretiwshilik jazba jumısına tómendegi jónelislerden kelip shıǵıp temalar belgilenedi: sociallıq-siyasiy, ruwxıy-aǵartıwshılıq, watansúyiwshilik, milliy maqtanısh hám salamat turmıs tárizi;

– dóretiwshilik imtixan nátiyjeleri eki kúnnen soń daǵazalanadı.

**Dóretiwshilik imtixanın bahalaw kriteryaları**

Dóretiwshilik imtixan birden-bir kóp ballı bahalaw sisteması boyınsha bahalanadı.

Dóretiwshilik imtixanında toplaw múmkin bolǵan maksimal ball muǵdarı 93 ball.

Dóretiwshilik imtixanınıń birinshi basqıshı, yaǵnıy awızeki sáwbet dawamında

soraw-juwaptı bahalaw ushın dóretiwshilik imtixanǵa ajıratılǵan maksimal balldıń 33,3 payızı, yaǵniy 31 ball belgilenedi.

Dóretiwshilik imtixanınıń ekinshi basqıshı, yaǵniy dóretiwshilik jazba jumısın bahalaw ushın ajıratılǵan maksimal balldıń 66,6 payızı, yaǵniy 62 ball belgilenedi.

**Awızeki sáwbetti bahalaw kriteryası**
**Awızeki sáwbette 0 – 31 ballǵa shekem qoyıw múmkin.**

| № | Ball qoyıw kriteryası: | ballar |
|---|---|---|
| 1. | Jurnalistika, PR hám ǴXQ haqqındaǵı kóz-qarası júzeki, tolıq bilimi joq, abiturienttiń pikirlewi sayız, ǴXQda járiyalanǵan materialları joq, biraq jurnalist bolıwǵa qálewi kúshli. | 0 – 6 ball |
| 2. | Jurnalistika, PR hám GXQ tarawı haqqında az ǵana túsinigi bar, kásipke qızıǵıwshılıǵı bir-eki aylıq emes, ayırım jurnalistlerdi tanıydı, GXQda járiyalanǵan 1-3 kishi kólemdegi materialı bar. | 7 – 13 ball |
| 3. | Jurnalistika, PR hám GXQ tarawına 1-2 jıldan berli qızıǵadı, kásip haqqında kóz-qarası jaqsı, ǴXQın hárdayım gúzetip baradı, 5-7 járiyalanǵan materialları bar, 8-10 jurnalistti tanıydı, olardıń dóretiwshiligine sholıw jasay aladı. | 14 – 19 ball |
| 4. | Jurnalistika, PR hám GXQ tarawına kóp jıllardan berli qızıǵadı, jurnalistikanıń jámiyettegi ornın tereń túsinedi, ǴXQın jaqsı biledi, kóp jurnalistlerdi tanıydı hám olardıń dóretiwshiligine jeterli baha bere aladı, 10-20 járiyalanǵan materialları bar. | 20 – 25 ball |
| 5. | Jurnalistika, PR hám ǴXQ tarawına balalıǵınan baslap qızıǵadı 5-6-klasınan baslap ǴXQ menen islesedi, redakciyaǵa kóp márte barǵan, málimleme xizmetleri iskerligi, maqset hám wazıypaları menen tanıs, PR tarawınıń jámiyettegi ornı hám róline tereń analiz jasay aladı, bir qatar jurnalistlerdi tanıydı hám de olardıń dóretiwshiligine xarakteristika bere aladı, járiyalanǵan materialları 20 dan aslam. | 26 – 31 ball |

**Dóretiwshilik jazba jumısın bahalaw kriteryası: (ballar muǵdarı – 0 – 62 ball)**

| № | Ball qoyıw kriteryası: | ballar |
|---|---|---|
| 1. | 10 nan aslam orfografiyalıq, irkilis belgileri menen baylanıslı bolǵan hám stillik qátelerge jol qoyılǵan. Jazba jumısı tema boyınsha jazılmaǵan. | 0 ball |
| 3. | Temanı ashıp beriwi sayız, abiturienttiń pikirlewi júzeki, jurnalistikanı túsiniwi tereń emes, jazba jumısı logikalıq jaqtan bos, orfografiyalıq, irkilis belgileri menen baylanıslı bolǵan hám stillik qáteleriniń sanı 10 ǵa shekem. | 1–8 ball |
| 4. | Tema biraz ashıp berilgen, abiturienttiń pikirlewi ortashadan tómenirek, jurnalistikanı jaqsı túsinbeydi, orfografiyalıq, irkilis belgileri menen baylanıslı bolǵan hám stillik qáteleriniń sanı 8-9 ǵa shekem. | 9–16 ball |
| 5. | Tema ortasha ashıp berilgen, abiturienttiń dúnyaqarası keń emes, pikirlewi biraz sayız, jurnalistikanıń rólin ortasha túsinedi, orfografiyalıq, irkilis belgileri menen baylanıslı bolǵan hám stillik qáteleriniń sanı 6-7 ge shekem. | 17–25 ball |
| 6. | Tema ortashadan joqarılaw ashıp berilgen, abiturienttiń dúnyaqarası | 26–33 ball |

| | | |
|---|---|---|
| | tarlaw, biraq jurnalıstikanıń jámiyettegi rólin túsinedi, orfografiyalıq, irkilis belgileri menen baylanıslı bolǵan hám stillik qáteleriniń sanı 4-5 ke shekem. | |
| 7. | Tema sahstırmalı jaqsı ashıp berilgen, abiturienttiń dúnyaqarası jaman emes, jurnalistikanıń tutqan róline jaqsı baha bere aladı, orfografiyahq, irkilis belgileri menen baylanıslı bolǵan hám stillik qáteleriniń sanı 2-3. | 34–42 ball |
| 8. | Tema jaqsı ashıp berilgen, abiturienttiń dúnyaqarası keń jurnalistikanıń tutqan rólin jaqsı túsinedi hám oǵan baha bere aladı, orfografiyalıq, irkilis belgileri menen baylanıslı bolǵan hám stillik qáteleriniń sanı 1. | 43–52 ball |
| 9. | Tema tereń ashıp berilgen, abiturienttiń dúnyaqarası tereń hám jeterli dárejede, jurnalistikanıń tutqan róline jaqsı baha bere aladı, orfografiyahq, irkilis belgileri menen baylanıslı bolǵan hám stillik qáteleri joq. | 53–62 ball |

Dóretiwshilik imtixanı basqıshlarında toplanǵan ballar ulıwmalastırılıp, birden-bir ball sıpatında dizimge kirgiziledi. Dizimge alıw qaǵazı belgilengen tártipte rásmiylestirilip, juwaplı xatker yamasa onıń orınbasarına usınıladı.

**Dóretiwshilik imtixanı nátiyjelerin apellyaciyaǵa beriw tártibi**

Dóretiwshilik imtixanı basqıshları nátiyjeleri boyınsha apellyaciyaǵa arzalar tek ǵana imtixan basqıshları nátiyjeleri járiyalanǵannan baslap **24 saat dawamında** qabıllanadı.

Shaǵım mazmunında tek ǵana óziniń dóretiwshilik jumısı hám balları haqqındaǵı shaǵım arzası kórip shıǵıladı. Biraq, basqa abiturientlerdiń dóretiwshilik jumısları hám balları haqqında jazılǵan shaǵım arzası qabıllanbaydı.

Dóretiwshilik jazba jumısı jazılǵan dápter rásmiy hújjet sıpatında belgilengen múddetke shekem saqlanadı. Olardan jeke mápi ushın nusqa alıw, súwretke túsiriw hám imtixan bolıp atırǵan jerden alıp shıǵıp ketiw múmkin emes. Apellyaciya beriw waqtında abiturientke qosımsha soraw beriwge ruxsat etilmeydi.

Dóretiwshilik imtixanında alınǵan bahanı ózgertiw tek ǵana pán boyınsha komissiyanıń razılıǵı menen apellyaciya bergen abiturient qatnasıwında joqarı oqıw ornı qabıllaw komissiyasınıń qararı menen ámelge asırıladı.

Dóretiwshilik imtixanınıń awızeki sáwbet nátiyjeleri apellyaciyada qayta kórip shıǵılmaydı.

Dóretiwshilik imtixanın ótkeriwge shekem apellyaciyaǵa arza beriw hám onı kórip shıǵıw tártipleri abiturientlerge tiyisli tártipte jetkeriledi.

**Usınıs etiletuğın ádebiyatlar**


1. O‘zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. – T., “O‘zbekiston”, 2019.
2. 2017 – 2021 yillarda O‘zbekiston Respublikasini rivojlantirishning beshta ustuvor yo‘nalishi bo‘yicha Harakatlar Strategiyasi. // https:www.lex.uz 7.02.2017.
3. Mirziyoev Sh.M. Erkin va farovon, demokratik O‘zbekiston davlatini birgalikda barpo etamiz. – T., “O‘zbekiston”, 2016.
4. Mirziyoev Sh.M. Qonun ustuvorligi va inson manfaatlarini ta’minlash yurt taraqqiyoti va xalq farovonligining garovi. – T., “O‘zbekiston”, 2017.
5. Mirziyoev Sh.M. Buyuk kelajagimizni mard va olijanob xalqimiz bilan birga quramiz. – T., “O‘zbekiston”, 2017.
6. Mirziyoev Sh.M. Matbuot va ommaviy axborot vositalari xodimlariga // “Xalq so‘zi” gazetasi 2018 yil 27 iyun.
7. Mirziyoev Sh.M. BMT Inson huquqlari bo‘yicha kengashining 46-sessiyasidagi nutqi. 2021 yil 22 fevral.
8. Blek S. Vvedenie v pablik rileyshnz. – M., “Feniks”, 1998.
9. Do‘stmuhammad X. Jurnalist bo‘lmoqchimisiz? – Toshkent: Yangi asr avlodi, 2001.
10. Jabborov Sh. O‘zbekistonda kim yaxshi yashaydi. – Toshkent: O‘zbekiston, 2012.
11. Toshev F. Jurnalistning noni qattiq. – Toshkent, 2009.
12. Nishonova G., Shukurova G., Qosimova N. va boshq. Zamonaviy media muhitda RR-xizmatlar. J.VIII. – T., “O‘zbekiston”, NMIU, 2019. 512-b.
13. Qosimova N. Axborot xizmatlari uchun amaliy qo‘llanma: jamoatchilik bilan samarali muloqot. – T., “BAKTRIYA PRESS”, 2014.
14. Muminov F. Pablik rileyshnz: istoriya i teoriya. T.: Ijod dunyosi, 2004, 32-b.
15. 2022-2026 yillarga mo‘ljallangan Yangi O‘zbekistonning taraqqiyot strategiyasi to‘g‘risida https://lex.uz/docs/5841063
16. Ommaviy axborot vositalari mustaqilligini ta’minlash hamda davlat organlari va tashkilotlari axborot xizmatlari faoliyatini rivojlantirish bo‘yicha qo‘shimcha chora-tadbirlar to‘g‘risida https://lex.uz/docs/4390513.
17. Атажанов Ҳ.А., Марзияев Ж.К., Қиличов Н.Р. Баспасөз типологиясы. O‘quv-uslubiy qo‘llanma. – Toshkent. Navoiy universiteti. 2018. 80 bet.
18. Jurnalistika. 10 jildlik to‘plam. –Toshkent. “O‘zbekiston” NMIU. 2019.
19. Jumanova S. Jurnalistika (abiturientlar uchun ijodiy imtihon qo‘llanmasi) Ikkinchi nashr. – T.: O‘zJOKU MChJ, 2023.
20. To‘xlieva N. Tahrir mahorati. – Toshkent: Bayoz, 2022
21. Toshpo‘latova N. Jurnalistika. Bosma ommaviy axborot vositalarida janrlar va mahorat masalalari – T., “O‘zbekiston”. 2019.
22. Media huquqi [Matn]: darslik / Nazira Qurbon, Karim Bahriyev. – T.; “Grand Inter Media”. 2022.
23. Saidov X., To‘xlieva N. Reportyorlik mahorati: O‘quv qo‘llanma. – T.: G‘afur G‘ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi, 2008.